



## Depatman Aprantisaj Pwolonje Manyèl pou Paran/Responsab

### **FILOZOFI APRANTISAJ PWOLONJE**

Objektif Depatman Aprantisaj Pwolonje a se fasilite opòtinite pou bonjan pwogram gadri apre lekòl ki satisfè bezwen fondamantal komen pou tout elèv pandan lè apre lekòl yo. Li enpòtan pou elèv yo genyen aksè ak meyè opòtinite posib pou devlope nan sante, byennèt epi vin yon adilt responsab.

### **ENSKRIPSYON**

Tout paran dwe soumèt yon demann kontra enskripsyon pou pwogram apre lekòl 2025-2026 nan *Eleyo*. Depi w fin kreye demann kontra a, ou pral resevwa yon imèl pou fè w konnen demann kontra w la ap tann apwobasyon estaf yo epi yo pral revize l nan lòd yo te resevwa l. Anplis yon kontra yo apwouve nan *Eleyo*, genyen yon frè enskripsyon \$35.00 pou peye pou w kapab kenbe yon plas nan pwogram nan. Frè enskripsyon \$35.00 a pa ranbousab apre premye jou lekòl la, men yo kapab transfere li nan yon lòt pwogram apre lekòl distri a. Yo PAP KAPAB enskri elèv yo nan okenn pwogram gadri apre lekòl si yo dwe balans frè gadri apre lekòl nan Distri a.

Yo enskri aplikan yo sou baz premye ki vini se premye y ap sèvi, dapre plas ak estaf ki ki disponib. Yo etabli yon lis datant lè pwogram nanplen. Pandan elèv ap aplike pandan ane a, y ap ajoute non yo nan listdatant la jiskaske yo kapab anboche estaf pou redui listdatant la

### **ORÈ PWOGAM GADRI APRÈ LEKÒL**

Pwogram gadri apre lekòl se yon bonjan pwogram anrichisman nan yon anviwònman ki san danje, ki ofri yon orè akademik ak aktivite espesyal epi ki pa kapab akomode sèvis okazyonèl.

Elèv yo dwe enskri epi dwe peye frè yo dapre orè pèman an pou nenpòt pwogram ki endike anba la a:

Pwogram Gadri nan Maten, Lendi jiska Vandredi (6:30am jiska 7:30am), si sa aplikab pou lekòl la

Pwogram gadri Aplentan, Lendi jiska Vandredi (2:00pm jiska 6:00pm)

Pwogram gadri tan pasyèl, Lendi jiska Vandredi (2:00pm jiska 4:00pm)

\* Gade kalandriye lekòl la pou jou prezans elèv

### **RÈGLEMEN SOU PEMAN**

Yo kalkile frè yo dapre kontra prezans epi yo distribiye yon fason pwopòsyonèl pandan tout ane lekòl la. Yo dwe peye frè mwa a konplètman ; yo pa kakab peye pa èdtan. Pou ede fanmi yo planifye bidjè yo, yo kapab fè yon peman pou tout mwa a OSWA an 2 vèsman pa mwa. Yo dwe peye avan yo pran sèvis. Si pitit ou a (yo) enskri apre dat limit premye vèsman an, ou dwe peye montan total mwa a OSWA premye vèsman an nan moman enskripsyon an. Yo dwe peye tout frè gadri apre lekòl yo sou entènèt nan *Eleyo* oswa an pèsòn nan biwo direktè/tris pwogram gadri a oswa reprezantan li.

Yo pa kapab peye frè yo nan direksyon lekòl la oswa bay pwofesè a. Pou nenpòt peman kach oswa money order, yo dwe ba w yon resi imedyatman.

### **FRÈ POU PEMAN ANRETA**

Si w pa fè peman nan oswa anvan dat delè ki endike nan Orè pou Peman Frè Pwogram gadri Aprè Lekòl la, sa pral lakòz yon frè \$10.00 pou peman an reta pa mwa. Si yo pa fè peman, yo pral sispann/tèmè sèvis yo. Pou timoun (yo) retounen nan pwogram nan kont lan dwe ajou avèk peman yo te fè pou tout frè ki sot pase yo ansanm ak frè peman an reta. Pa pral genyen yon repatisyon nan frè pou jou yo manke akòz yo te tèmè paske yo pa te peye.

Paran yo kapab aplike pou yon sèl fwa pa ane eskolè pou *Late Payment Fee Waiver*(Egzansyon pou Frè Peman Anreta) lè yo ranpli epi soumèt fòm PBSD 2577 pwogram gadri apre lekòl la bay.

### **FRÈ POU ELÈV Y AP VIN CHÈCHE ANRETA**

Pou chak minit yon paran/responsab an reta nan vin cheche pitit li a (yo), y ap chaje l yon frè \$1.00 pou reta.



## Depatman Aprantisaj Pwolonje Manyèl pou Paran/Responsab

**Reta repete nan vin cheche yon elèv kapab lakoz yo mete elèv la deyò nan pwogram nan.** Genyen yon lis pi ba a ki se yon egzanp frè yo chaje pou reta ki se \$1.00 pa minit:

Atanpasyèl 2:00 - 4:00 p.m., yo vin chèche elèv la a 4:10, sa ap enplike yon frè \$10.00 pou reta;

Aplentan 2:00 - 6:00 p.m., yo vin chèche elèv la a 6:15, sa ap enplike yon 15.00 frè pou reta

Y ap plase nan pwogram gadri apre lekòl aplentan elèv nan pwogram gadri atanpasyèl yo toujou vin chache anreta. Y ap sispann elèv nan sèvis pwogram gadri apre lekòl aplentan, yo toujou vin chache anreta.

### **RÈGLEMEN SOU RANBOUSMAN/KREDI**

Pou retire yon elèv nan pwogram gadri apre lekòl la, paran dwe avèti direktè/tris la alekri oswa soumèt yon demann orè/retrè nan Eleyo de (2) semèn alavans pou yo kapab resevwa ranbousman peman. Yo p ap akòde lòt demann ranbousman.

### **PWOSEDI POU RANVWA/ VIN PRAN ELÈV**

Tout elèv dwe prezante dirèkteman nan gadri apre lekòl lè lekòl lage. Yo make prezans epi yo soumèt li bay biwo gadri apre lekòl la nan premye kenz minit pwogram nan. Elèv ki absan pandan jounen lekòl la toujou kapab vini nan pwogram gadri apre lekòl la, bay prèv yo pa malad epi yon paran/ responsab te siyen pou yo nan pwogram nan. Se sèlman moun ki otorize jan sa endike nan *Eleyo* ki kapab vin chèche timoun nan. Pou rezon sekirite, apèl nan telefòn paran/responsab yo pa adekwat pou kite elèv la ale. Moun ki otorize yo dwe genyen 18 an oswa plis epi yo dwe genyen yon kat idantifikasyon ak foto pou yo montre dirijan gadri apre lekòl chak jou lè y ap remèt li elèv la. Yon paran/responsab dwe ranpli fòm Pèmisyon pou Minè vin chèche elèv la (*Under Age Pick Up Permission Slip*, PBSO 2502) si y ap voye yon minè ki gen mwens pase dizwit an vin chèche pitit yo. Minè sa yo dwe montre yon pyès idantifikasyon ak foto ki valid pou yo kapab vin chèche elèv la.

**Amwenske genyen yon òdonans espesifik Eta Florid (okenn lòt eta pa valab) ki nan dosye pwogram gadri apre lekòl, yo kapab remèt yon elèv bay paran ki pa responsab legal la si li nan fòm enskripsyon elèv la. Paran/responsab yo genyen responsablite pou kenbe enfòmasyon konsènan moun ki otorize yo ak òdonans sou dwa paran ajou.** Yo dwe rezoud pwoblèm òdonans andeyò sant lekòl la. Konpòtman ki pa apwopriye nan men moun k ap vin chèche yon elèv, ki enkli ladan menas, langaj ostil pral lakòz paran/responsab yo oblije fè lòt aranjman pou vin chèche elèv yo, oswa sispann sèvis apre lekòl pou pitit yo. Paran/ responsab/moun ki otorize dwe vini lekòl la epi itilize *Eleyo attendance app* pou siyen non legal li konplè. Yo dwe anrejistre data k lè nan *Eleyo*.

### **RÈGLEMEN POU KONPÒTMAN**

Elèv yo ap patisipe nan nan preparasyon règleman pou gwoup yo. Yo ankouraje elèv yo pou fè chwa ki responsab epi yo rekonpanse yo pou konpòtman ki apwopriye. Elèv yo pral resevwa konsekans lojik pou desizyon yo pa apwopriye. Objektif la se pou fòme elèv responsab ki genyen kapasite pou yo chwazi pi bon konpòtman an. Ofans ki pi grav yo ap genyen kòm konsekans yon Rapò sou Konpòtman nan Pwogram Apre Lekòl (Afterschool Behavior Report). Resevwa Twa Rapò sou Konpòtman pandan ane lekòl la kapab lakoz sispansyon oswa mete yon elèv deyò nan pwogram nan. Si pitit ou a enplike nan nenpòt konfwontasyon fizik, epi yo jije ki danjere pou limenm oswa lòt moun, y ap enpoze sispansyon oswa mete elèv la deyò imedyatman nan pwogram nan. Tout desizyon disiplinè ap apwopriye ak laj timoun epi yo dwe konfòm ak Règleman 2.035 ak 5.1812 Komite Dirijan Lekòl la.

### **SNACK (TI GOUTE)**

Pwogram ti goute an sante pwogram Aprantisaj Pwolonje a genyen bwason (lèt, dlo oswa ji 100%) ak omwen de (2) chwa manje ki nitritif. Tanpri gade tablo enfòmasyon paran/responsab la pou yon meni ti goute konplè pou diskite nenpòt alèji manje ak direktè/tris la.



## Depatman Aprantisaj Pwolonje Manyèl pou Paran/Responsab

### **PWOSEDI POU SWEN SANTE**

Elèv ki pa kapab rete nan gwoup yo akòz blesi oswa maladi ap rete nan biwo gadri apre lekòl la oswa kote pou yo siyen. Pwogram sa a swiv direktiv jou lekòl yo nan jere ka ijans yo. Si sa nesèsè, estaf ki kalifye bay premye swen minè epi yo avèti paran/responsab yo lè y ap siyen pou pitit yo. Pou maladi oswa blesi grav, biwo pwogram gadri apre lekòl la ap kontakte paran/responsab yo imedyatman epi l ap nesèsè pou yo vin cheche pitit yo imedyatman. Pou evite blesi, nou atann pou elèv yo respekte kòd abiman lekòl la epi pou yo mete soulye ki fèmèn toutan pou sekirite.

Estaf pwogram gadri apre lekòl pa kapab bay okenn tip medikaman amwenske genyen yon fòm otorizasyon medikal yon paran/responsab ak doktè a siyen ki nan dosye biwo pwogram gadri apre lekòl la. **Yo pa otorize elèv genyen okenn medikaman sou yo nan okenn moman**, eksepte vaporizatè pou opresyon oswa Epi-Pen avèk otorizasyon doktè oswa medikaman pou soulaje tèt fè mal pandan yo nan lekòl la oswa nan yon evènman oswa aktivite lekòl la patwone san yon nòt oswa preskripsyon doktè. *Food and Drug Administration* (FDA) Etazini dwe kontwòle izaj medikaman san preskripsyon an pou trete tèt fè mal.

Nenpòt timoun, estaf gadri oswa lòt moun nan pwogram gadri apre lekòl la yo sispèk ki ta gripe oswa genyen nenpòt maladi kontajye, y ap retire l nan pwogram nan oswa mete li yon kote izole jiskaske yo vin chèche l. Moun konsa pa kapab retounen san yon otorizasyon medikal, oswa jiskaske siy ak sentòm maladi a pa prezan ankò.

**Nimewo telefòn pou kontakte tout moun ki otorize pou vin chèche timoun dwe ajou nan dosye yo. Elèv yo dwe suiv direktiv ki nan Règleman Komite Dirijan Lekòl 5.3213 ak lòt règlmsn ki soti nan Depatman Sante Florid ak Sipèentandan an.**

### **RÈGLEMEN POU PARAN**

Nan efò pou nou pi bien sèvi fanmi yo, tanpri, sonje pòt pwogram gadri apre lekòl yo toujou ouvè. Paran/responsab ki otorize ap kapab jwenn aksè nan pwogram nan annakò avèk pwosedi sekirite ki apwopriye yo, KI enkli siyen nan direksyon an epi pou estaf akonpaye yo nan zòn ki deziye. Nou konsidere fanmi yo kòm patnè nan pwogram gadri apre lekòl sa a. Paran ki ta renmen pataje talan yo avèk elèv ki nan pwogram gadri apre lekòl la ta dwe kontakte direktè/tris sit la. Nan ka orè yon paran pèmèt li patisipe nan lè pwogram gadri apre lekòl yo oswa aktivite espesyal, yo ta dwe pale avèk direktè/tris la pou yo kapab patisipe!

### **RESOUS**

Tanpri, vizite <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/sitecontact> pou jwenn enfòmasyon pou kontakte lokal la. Direktè/tris lokal apre lekòl la pral bay lòt enfòmasyon espesifik pou pwogram apre lekòl la tou, enkli:

- Orè peman
- Orè pwogram
- Nimewo telefòn biwo gadri apre lekòl ak telefòn selilè si sa aplikab
- Plan evakyasyon andeyò kanpis la pou ka ijans

Anplis, resous paran/responsab yo disponib sou tablo Enfòmasyon pou Paran/Responsab ki nan biwo gadri apre lekòl la.



## Depatman Aprantisaj Pwolonje Manyèl pou Paran/Responsab

**Depatman Sante Florid (Depatman an) ak nivo aktivite "influenza" oswa "grip"** Grip se yon maladi respiratwa ki kontajyez viris influenza koze. Li kapab koze maladi lejè oswa grav. Ka enfeksyon grip grav kapab koze ospitalizasyon oswa lanmò. Genyen kèk moun, tankou jèn timoun, granmoun, ak moun ki genyen kondisyon sante ki genyen risk pou konplikasyon grav grip koze. Depatman an ankouraje fanmi yo pou yo vaksine kont grip la.

**Vaksen se pi bon fason pou pwoteje kont grip la ak konplikasyon grav grip koze.** Vaksinasyon se sa ki pi enpòtan pou timoun ki genyen pwoblèm sante tankou opresyon, dyabèt, maladi kè, ak kondisyon newolojik ak neurodevlòpmantal. Yo ofri vaksen kont grip la nan plizyè kote tankou famasi, klinik, anplwayè, ak lekòl. Kontakte founisè swen sante w la, depatman sante rejyon an oswa ale nan <http://www.floridahealth.gov/findaflushot> pou jwenn yon sant vaksen kont grip toupre w.

**Vaksen grip la san danje.** Komite Konsèy Nasyonal sou Pratik Vaksen (ACIP ann anglè) rekòmande pou tout moun ki genyen sis mwa oswa plis resevwa vaksen grip la **chak ane**. Poutèt ti bebe anba sis mwa twò pitit pou pran vaksen kont influenza, li enpòtan pou manm fanmi yo (enkli moun ki ansent oswa manman k ap bay tete) ak lòt moun k ap bay timoun sa yo swen dwe pran vaksen pou ede pwoteje yo kont maladi a.

Li espesyalman enpòtan pou pran yo **kenbe timoun ki malad yo lakay yo** pou evite pwopagasyon viris grip la bay lòt moun. Lòt etap prevansyon viris yo enkli rete lwen moun ki malad, kouvri bouch lè w ap etènye oswa touse nan yon mouchwa papye oswa nan koud yo, evite touche zye, nen ak bouch yo, epi lave men souvan.

**Si pitit ou vin maladi ak grip, kontakte doktè ou imedyatman apre sentòm yo parèt. Sentòm grip yo souvan enkli lafyè, tous, gòj fè mal, nen k ap koule dlo, kò fè mal, maltèt, oswa fatig.** Yo demontre medikaman antiviral pou grip redui gravite ak dire maladi a, diminye risk konplikasyon influenza, epi redui risk lanmò pami moun ki ospitalize, patikilyèman moun ki kòmanse tretman maladi bonè. Doktè kapab preskri tretman antiviral si sa apwopriye. Tretman yo pi efikas lè yo kòmanse nan 48 èdtan, konsa kontakte doktè w menm moman pitit ou vin malad enpòtan, espesyalman si pitit ou genyen kondisyon sante ki preegzistan.

Meyè fason pou pwoteje tèt pa w ak fanmi w epi kenbe yo an sante pandan sezon grip la se pou:

**Pran vaksen;**

**Fè manm fanmi ki malad rete lakay;**

**Kontakte doktè ou si oumenm oswa pitit ou genyen sentòm grip; epi suiv konsèy doktè ou sou tretman.**

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan <https://www.cdc.gov/flu/index.htm>.



Depatman Aprantisaj Pwolonje  
Manyèl pou Paran/Responsab

**EGZANP ORÈ/DESKRIPSYON AKTIVITE\***

(Orè a se pou enfòmasyon sèlman epi li kapab pa reflekte aktivite reyèl nan pwogram sa a)

Gwoup 1	Lè	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi amizman	
	2:00 - 2:25	Snack (kolasyon) <b>Salklas</b>	Snack (Kolasyon) <b>Salklas</b>	Snack (Kolasyon) <b>Salklas</b>	Snack (Kolasyon) <b>Salklas</b>	Snack (Kolasyon) <b>Salklas</b>	
ATANPASYÈL	2:25 - 3:00	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Paviyon</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Zòn Gazon</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Teren "Kickball"</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Teren Baskètbòl</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Outdoor Area ( Nan Lakou)</b>	
	3:00 - 3:30	Èd ak Devwadmezon <b>Salklas</b>	Èd ak Devwadmezon <b>Salklas</b>	Èd ak Devwadmezon <b>Salklas</b>	Èd ak Devwadmezon <b>Salklas</b>	Pwomnad vityèl  <b>Salklas</b>	
	3:30 - 4:00	Jwèt yo jwe sou Tab Klas	Inisyativ Akademik <b>Salklas yo deziyen</b>				KLIB <b>Lokal yo Deziyen</b>
Gwoup 2	Lè	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi Amizman	
APLENTAN	2:00 - 2:25	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Paviyon</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Zòn Gazon</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Teren "Kickball"</b>	Aktivite yo Òganize Deyò  <b>Teren Baskètbòl</b>	Aktivite yo Òganize Deyò	
	2:30 - 3:00	Snack (Kolasyon)	Snack (Kolasyon)	Snack (Kolasyon)	Snack (Kolasyon)	Snack (Kolasyon)	
	3:00 - 3:30	Èd ak Devwadmezon	Èd ak Devwadmezon	Èd ak Devwadmezon	Èd ak Devwadmezon	Pwomnad vityèl	
	3:30 - 4:00	Jwèt yo jwe sou Tab  <b>Salklas</b>	Mizik ak mouvman  <b>Salklas</b>	Jwèt Kowoperatif  <b>Salklas</b>	Atizay Kreyatif  <b>Salklas</b>	  <b>Salklas</b>	
	4:00 - 5:00	<i>Brain Quest</i>  <b>Salklas</b>	Inisyativ Akademik <b>Salklas yo deziyen</b>				Jwèt nan salon <b>Salklas</b>
	5:00 - 6:00	KLIB	KLIB	KLIB	KLIB	KLIB	
Aktivite yo òganize Deyò/*Asistans ak Devwa							

\* Yo ofri elèv yo yon tan adisyonèl pou fè devwa apre 5: p.m. nan salklas yo deziye \*